

1.Rekòmandasyon pou evite KOVID-19/ Prekosyon pèsònèl

- Lave men nou souvan avèk dlo ak savon pandan 20 segond pou pipiti, fè sa , chak fwa nou fin rankontre moun, nou fin touche yon bagay tankou, pòt, pasmen, telefòn, souri oubyen klave ak tout bagay lòt moun kapab touche.

- Evite touche vizaj nou epi, touse nan kout ponyèt nou

-Si nou pa gen posibilite pou lave men nou avèk dlo ak savon, itilize alkòl gèl. Itilizasyon alkòl gèl dwe yon priyorite nan espas piblik yo.

- Li pa rekòmande pou tout moun itilize kachnen. Se sèlman moun ki gen sentom maladia, moun kap travay nan sante, sila yo kap pran swen moun ki kontajye. Li pa nesèsè pou itilize kachnen nan lari si ou malad.

2. Rekòmandasyon pou evite KOVID-19/ IZOLMAN SOSYAL (EVITE GEN KONTAK FIIZK AK MOUN)

- Tout moun dwe rete lakay yo pou yon bon bout tan, sitou sila yo ki nan sityasyon de risk tankou tigranmoun ki gen pliske 60 lane ak moun ki soufwi maladi kwonik (**Gwo maladi**), ak sila yo ki gen enfliyans ak gwo grip.

- Evite reyinyon sosyal nan menpòt sikonstans. Pa vizite fanmi, zanmi, vwazen sòf si gen gwo nesesisite pou bay èd.

- Kenbe 1 mètr distans de yon moun ak yon lòt, chèche rete pi lwen si li posib. Evite reyini nan espas ki gen pliske 10 moun.

3. Rekòmandasyon pou evite KOVID-19/ TRANSPÒTE

- Si nap vwayaje nan transpò piblik, fè sa nan lè ki pa gen anpil moun. Gen moun ki paka chanje orè yo men si ou kapab fè sa.

- Sòti al achte si sèlman li endispansab,byen planifye acha a pou'n pa plede soti vire tounen. Fè yon sèl moun al achte , pou'n pa ekspoze tout moun ki nan kay la, nan sans nap evite anbouteyaj kote nou pwal achte a .

4.Rekòmandasyon pou evite KOVID-19/ LÈ NOU RIVE LAKAY

- Avan nou rantre nan kay la, retire bagay ki te nan pye nou epi kite li deyò

- Benyen avèk dlo ak savon, chanje rad nou depi deyò.
- Pa melanje rad nou te sòti ak lòt rad jiskaske nou lave yo.
- Evite pataje atik pèsonèl

5. Rekòmandasyon pou evite KOVID-19 / SI NOU GEN SENTON OUBEYN NOU GEN KONTAK AK MOUN KI KONTAJYE

- Nan ka yo sispèk nou kontajye, si nou gen tisen to' m oubyen malèz tankou tous sèk, fyèv « **Rete lakay nou** », si nou gen fyèv + difikilte poun respire oubyen nou anvi toufe, nou dwe ale nan yon sant asistans medikal
- Nan ka nou te rankontre oubyen gen kontak ak youn moun ki kontajye. Nou dwe rete an karantèn pou 14 jou, li pa necesè pou nou ale nan yon sant sante ni al fè tès, amwenske nou gen sentom sa yo tankou fyèv +difikilte pou nou respire ou byen nou anvi toufe.
- Avan nou ale nan yon sant asistansyèl , rele nan nimewo « Repons sante » 600 360 7777 Ministè Sante mete disponid pou konfime si li necesè pou nou fè sa .

6. Rekòmandasyon pou evite KOVID-19 / NAN KA SILA YO KI KONTAJYE

- Nan ka medsen (Doktè) konfime yon moun kontajye, moun sa dwe ospitalize oubyen li dwe rete lakay li.
- Si yo di moun nan, yap bay atansyon lakay li, li dwe gen yon pyès (chanm) ki gen aksè ak twalèt (Espesyalman pou li) yo dwe netwaye espas la tanzantan epi li dwe genyen materyèl pou fè pwopte tankou: Savon, gan, sachè pou jete fatra.

7.Rekòmandasyon pou evite KOVID/ PREKOSYON NAN ESPAS PIBLIK

- Fè netwayaj tanzantan nan pasmen, bouton asansè, espas kote anpil frekante. Pwodwi nap itilize pou fè netwayaj la dwe gen kloros
- Nan local komèsyal ki nan katye yo, li enpòtan pou genyen yon espas pou lave men, seche men nou ak papyè, itilize alkòl gèl, itilize dlo ak kloros pou lave sipèfisi yo. Epi limite kante moun kap rantre nan local yo, li pa dwe pliske 5, oubyen resevwa moun yo nan gichè (tifenèt)
- Nan edifis, kay, local louvwi fenèt ak pòt pou van rantre, van kap pase nan pòt avèk fenèt, ki se vantilasyon natirèl ap pwodwi yon vantilasyon kwaze.